



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Piblikasyon Imedyat
May 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

**** PAPYE ENFOMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****
DEPATMAN LASANTE BAY AVI DE PREKOSYON POU SEKIRITE NAN MANJE

TALLAHASSEE – Si ta vinn geyen yon blakawout, li trè enpòtan pou pran anpil prekosyon pou asire w ke maje lakay ou senesòf pou manje. Risk enpwazonman manje vin pi wo lè frijidè ak fou yo pa ka travay; jete tout manje ki te anba tanperati yon chanm pou plis ke de (2) èdtan, oubyen tout manje ki chanje koulè an okè natirèl yo, oubyen ke teksti you te vinn chanje. Se pou toujou sonje ti pawòl sa – ***Si ou geyen dout, jete yo nan fatra!***

Moun ka pratike fason senesòf pou sere manje, pou yo ka evite maladi ki sòti nan manje ki gate si yo swiv etaps simp sa yo:

- Toujou kite yon tèmomèt nan frijidè w la. Tanperati an fèt pou l toujou li à 41 degre ou mwens.
- Yon koulè ki ranpli nèt ale kapab kenbe manje yo byen fre pandan pli lontan ke yon frizè ki ranpli à mwatye, alò li enpotan pou ranpli li ak glas pou asire w ke tanperati frete fre. Si ou ka jwen sa, 25 liv glas sèch ap kenbe yon frizè 10 pye kibik byen fre pandan 3 a 4 jou. Mete bon jan gan ki sèch ak ki epè epi fè byen atansyon lè nap opere glas sèch lan, pou nou pa blese oswa frape.
- Wa kapab manje manje ki te deja mou nan frizè si li “toujou byen glase”.
- Ze ak lòt manje bezwen pou yo kenbe anba yon tanperati ki 41 degre Fahrenheit (F) oubyen yon tikal mwens. Pinga ou manje oken manje ki gate !.
- Se pou toujou lave men ou avèk savon ak glo ki te bouyi oubyen dezenfekte, e ki refwadi. Main w yo fèt pou toujou lave avan ke ou prepare oubyen manje, aprè ke ou finn itilize twalèt oubyen aprè ke ou fin chanje yon koucèt bebe, aprè ke ou fin manyen manje ki potko kwit, aprè ke ou fin jwe avèk bèt domestik ou yo, apre ke ou fin manyen fatra, aprè ke ou finn okipe yon mon ki malad, apre ke ou mochen nen w, touse oubyen etènye, aprè ke ou fin pastisipe nan netwayaj inondasyon, ak aprè ke ou fin mayen bagay ki te kontamine avèk glo egou ak inondasyon ki te kontamine.
- Konbat “kwazman-kontaminasyon,” sa vle di lè ouPa janm mete oken kalite manje nan yon asyèt ki te genyen vyan kri, poul, ak fwui de mè.
- Lè w’ap griye manje, lime chabon so gril la pou 20-30 minit, oubyen jiskaseke chabon vinn tou wouj et ke yo geyen yon ti kouch san blan souyou.
- Itilize yon tèmomèt vyann pou asire ke manje an te rive yon degre yon tanperati entènèl ki senesòf.
 - Hanbègè ak vyann poul moulen fèt pou yo kwit jiskaseke li rive 160 F.
 - Mòso Poul : 170 F.
 - Rosbif, tranch vyann ak lòt gwo mòso vyann bèf 145 F. (prèske kri) and 160 F (medyòm).
- Ou fèt pou kwui pwason yo jiska li vinn tounen yon koulè opak e ke vyann la separe fasil.
- Itilize manje ak glo nan bòl ki sanitize pou bèt domestik asire w ke yo pa bwè glo ki te rantre an kontak avèk sifas ki te kontamine ak glo inondasyon yo.



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Si w bezwen plis enfòmasyon sou manje ki senesòf, rele nimewo liy gratis de Vyann ak Poul USDA/FSIS lan nan 1-888-674-6854 (Meat and Poultry Hotline at 1-888-674-6854). Spesyalis nan sekirite manje (tou de en Anglè ak Payòl) la de 10 di matin jiska 4 è de laprè midi EDT panda la semèn la nan tout ane an.

Pou plis enfòmasyon, vizite site Dèpatman Lasante a <http://www.doh.state.fl.us> oubyen www.FloridaDisaster.org.

Florida Enfòmasyon Ijans Nimewo Telefòn : 1-800-342-3557

Enfòmasyon Piblik Pou sipò fonksyon Ijans : (850)-921-0384

###